

Kouvèti Medicare e COVID-19

Ijans sanitè COVID-19 la fini jedi 11 me 2023. Sa gendwa konsène kouvèti Medicare ou genyen an pou sèten sèvis. Men kisa ki gendwa rive apati jedi 11 me 2023.

Tès COVID-19

Apati jedi 11 me 2023, Original Medicare **pa** kouvri tès pou fè lakay ki vann san preskripsiyon. Original Medicare **pa** kouvri de lòt kalite tès pou COVID-19 lè se yon doktè oubyen lòt pwofesyonèl medikal ki mande pou fè tès la. De kalite tès ki kouvri se tès PCR (ki idantifye materyèl jenétik la) e tès antijèn (ki òdinèman rele tès rapid). Pa gen frè pou w peye oumenm.

Medicare Advantage Plan fèt pou I kouvri tès COVID-19 yo. Toutfwa, gendwa gen frè pou w peye oumenm apati jedi 11 me 2023. Kominike avèk plan ou genyen an pou w gen plis enfòmasyon sou frè yo. Medicare Advantage Plan gendwa kontinye kouvri tou tès ou fè lakay ki vann san preskripsiyon kote w pa peye pou yo.

Kominike avèk plan ou genyen an pou w jwenn plis enfòmasyon sou benefis siplemantè sa a ki ofri, e kijan pou gen aksè ladan I.

Vaksen pou COVID-19

Original Medicare Part B kouvri vaksen e dòz rapèl kont COVID-19, kèlkeswa si w gen Original Medicare oubyen yon Medicare Advantage Plan. Ou pa gen anyen w ap peye pou vaksen e dòz rapèl yo.

Reprezantan lasante rekòmande nou pran vaksen e dòz rapèl atan kont COVID-19 pou n gen yon pwoteksyon maksimòm kont virus la. Pale avèk doktè k ap suiv ou a si w gen kesyon ou ta renmen poze oubyen si w gen enkyetman.

Vini avèk kat Medicare wouj, blan, e ble ou a lè w ale nan randevou vaksen ou an, menm si w gen Medicare Advantage Plan. Si w pa gen kat ou a avèk ou, moun k ap ba w vaksen an gendwa mande pou nimewo sekirite sosyal ou a pou yo chache wè enfòmasyon Medicare ou a.

Tretman pou COVID-19

Antikò monoklonal

Pou kèk moun, Medicare kouvri antikò monoklonal pou tretman COVID-19. Pou tretman ki kouvri, ou pa gen pataj frè (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman) pou w peye.

Tretman pou pasyan ki pa entène e ki entène

Medicare Part A kouvri medikaman ou resevwa lè w entène lopital. Medicare Part B kouvri medikaman ou resevwa nan mwen yon doktè sou fòm piki oubyen pèfizyon. Yon egzanp medikaman sou fòm piki se Remdesivir. Pou tretman sa yo, ou gendwa gen yon pataj frè (dediktib, ko-asirans e kopeman) pou w peye. Medicare Advantage Plan kouvri tretman sa yo tou. Kominike avèk plan ou genyen an pou w gen plis enfòmasyon sou frè yo.

Medikaman preskripsyon

Paxlovid se yon medikaman ki itilize pou tretman COVID-19 ki disponib nan famasi. Gouvèman an peye pou yon sèten kantite Paxlovid. Tout tan gouvènman an ap bay apwovizyonman Paxlovid, ou pa gen anyen w ap peye pou li. Apre apwovizyonman an fin itilize, Pati D kouvri Paxlovid. Paxlovid gendwa sou lis plan ou an pou medikaman ki kouvri, oubyen ou gendwa gen pou w mande plan ou genyen an fè yon eksepsyon pou l kouvri medikaman an. Ou gendwa gen yon pataj frè (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman) pou w peye.

Avantaj telesante ofri

Jouk madi 31 desanm 2024, Medicare kouvri vizit telesante kote w :

- Ap viv nan zòn riral oubyen iben
- Resevwa sèvis yo lakay ou oubyen nan etablisman swenyaj

Medicare kouvri vizit nan gwo lopital e nan kabinè doktè, konsèy pou swen mantal, e lòt vizit nan telesante. Si w gen yon Medicare Advantage Plan, se pou l kouvri sèvis telesante tou. Kominike avèk plan ou genyen an pou w gen enfòmasyon sou frè e kouvèti yo.

Apre madi 31 desanm 2024, gendwa gen plis limit sou kouvèti nan benefis telesante ofri.

Kominike avèk **State Health Insurance Assistance Program (SHIP)** si w bezwen yo ede w konprann kisa Medicare kouvri e kijan pou w jwenn swen.

Enfòmasyon pou kominike avèk SHIP lokal la

Pou jwenn yon SHIP nan yon lòt eta : Sonnen nan 877-839-2675 oubyen gade nan www.shiphelp.org

Dokiman sila te finanse, an pati, avèk bous nimewo 90SATC0002 nan men U.S. Administration for Community Living, Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènman an di avèk tout libète sa yo konstate e sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesesèman rezante politik ofisyèl Administration for Community Living. [Mwa me 2023]